# Nouvo objektif lajan mwen

Èske w'ap fikse je w sou yon nouvo objektif? Yon fwa ke w deside pou kisa w'ap ekonomize, konbyen lajan, ak ki lè, ou pare pou itilize fèy travay sa a pou gade bidjè w epi angaje w nan yon nouvo plan ekonomi.

Fè espas paj la vid

## Dekri nouvo objektif lajan w

Sa a se ______ objektif apati de ______
NON — MM / DD / YYYY

Mwen vle ______ pa ______ ane, sa ki egal a ______ mwa.
$ OBJEKTIF MONTAN AN — KANTITE ANE — MWEN = ANE × 12

Paske mwen vle economize pou ______
POUKI SA M'AP EKONOMIZE?

Pou'm atenn objektif mwen nan dat sa a, mwen bezwen ekonomize ______ pa mwa.
OBJEKTIF MONTAN AN ÷ MWA

## Kòmanse ak revni mansyèl ou

Fè lis sous revni w yo. Mete ladann pèman, salè, poubwa, benefis gouvènman an, revni envestisman, elatriye.

Revni souvan varye de mwa a mwa. Li ta ka ede w fè bidjè a pi byen si w fè lis twa mwa revni, epi kalkile mwayèn lan.

Ranpli tout twa montan yo chak mwa, menm si li se $0. Answit, pou chak sous revni, ajoute twa montan yo atravè ranje a, epi divize pa twa. Asire w ke w pa konte montan "egzanp" yo lè w ajoute total yo nan pati anba a.

| Sous revni an | Mwa 1 | Mwa 2 | Mwa 3 | Mwayèn $ pa mwa |
|---|---|---|---|---|
| *Djòb 1 (egzanp)* | *$435* | *$480* | *$385* | *$433* |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| **Total** | | | | |

# Egzamine depans chak mwa w yo

Fè lis depans ou yo, pa kategori, nan kolòn **Depans** yo nan tablo a. Kontinye lis w a nan lòt fèy papye si w bezwen plis espas.

Men kèk egzanp depans ou ta ka chwazi pou ranpli anba a, oswa kreye pwòp depans ou jan sa nesesè:

- **Kay la**–ipotèk, lwaye, telefòn, sèvis piblik, entènèt/kab, antretyen.
- **Dèt**–kredi kat, prè.
- **Lafanmi**–gadri, pèman sipò timoun, pèman manje, ekolaj, founiti eskolè, aktivite, jwèt, rad, lesiv ak netwayaj nan dray, alokasyon.
- **Manje**–episri, restoran, pran pou ale, kafe, ti goute.
- **Transpòtasyon**–gaz, pakin, peyaj, transpò piblik, antretyen, asirans machin.
- **Sante**–doktè, dantis, medikaman, asirans, atik swen pèsonèl, manm jimnastik.
- **Sèvis sou Entènèt**–sèvis sou entènèt, plan done mobil, jwèt, abònman, manm.
- **Divètisman**–fim, evènman, liv, abònman, mizik, jwèt.
- **Divès**–don, kado, manje bèt kay, founiti.

Ranpli tout twa montan yo chak mwa, menm si li se $0. Pou ede w fè bidjè a pi byen, fè lis twa mwa chak kalite depans epi gade mwayèn lan. Pou fè kalkil la ou menm, pou chak kalite depans, ajoute twa montan yo atravè ranje a, epi divize pa twa. Pa konte ranje "egzanp" la lè w ajoute total yo.

| Depans | Mwa 1 | Mwa 2 | Mwa 3 | Mwayèn $ pa mwa |
|---|---|---|---|---|
| Depans1 *(egzanp)* | *$510* | *$460* | *$345* | *$438.33* |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| **Total** | | | | |

Fè espas paj la vid

## Revize objektif ekonomi w yo

Ranpli montan ke w deja ekonomize yo, pou objektif tankou retrèt, yon fon ijans, yon pèman davans, edikasyon yon timoun, oswa yon gwo acha.

Ranpli tout twa montan yo chak mwa, menm si li se $0. Pou fè kalkil la ou menm, pou objektif chak ekonomi, ajoute twa montan yo atravè ranje a, epi divize pa twa.

Pa konte ranje "egzanp" la lè w ajoute tota.

| Objektif ekonomi an | Mwa 1 | Mwa 2 | Mwa 3 | Mwayèn $ pa mwa |
|---|---|---|---|---|
| Objektif 1 *(egzanp)* | *$33* | *$33* | *$33* | *$33* |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| **Total** | | | | |

## Gade sa ki disponib pou nouvo objektif ou a

Kòmanse avèk revni mwayèn ou chak mwa.

Answit, soustrè mwayèn depans mansyèl ou yo, epi answit, soustrè mwayèn ekonomi mansyèl ou yo.

Montan ki rete a se mesaj nan bidjè w la, si genyen, ke w ta ka itilize pou nouvo objektif lajan w lan.

_____ − _____ − _____ = _____

REVNI MWAYÈN **MANSWÈL** | MWAYÈN DEPANS **MANSWÈL** | MWAYÈN EKONOMI **MANSWÈL** | **DISPONIB POU EKONOMIZE**

## Gade ki lè w atenn objektif ou a

Si montan ki disponib pou economize a pou pi gwo pase montan chak mwa ki nesesè pou objektif ou a, Lè sa a, ou ka atenn objektif ou alè. Si montan ki disponib pou ekonomize a mwens pase montan chak mwa ki nesesè a, ou ta ka vle fè ajisteman. Sijesyon yo nan paj 4.

**Apati de paj 1 an:**

_____ ÷ _____ = _____

NOUVO OBJEKTIF LAJAN MWEN | MWA | MONTAN CHAK MWA KI NESESÈ

**Èske w ka atenn objektif ou a?**

_____ > oswa < _____ → _____

DISPONIB POU EKONOMIZE | MONTAN NESESÈ POU CHAK | SI LAJAN KI DISPONIB POU EKONOMIZE A PLIS PASE MONTAN NESESÈ POU CHAK MWA A, FELISITASYON!

Fè espas paj la vid

# Fè ajisteman pou atenn objektif ou

Ogmante revni w. Petèt ou gen lajan nan yon travay sou kote, yon bonis, kado, ranbousman, oswa lòt sous. Ou ta ka ajoute yon pati nan lajan "anplis" sa a nan paj 1an.

Administre tan an daprè objektif ou. Petèt ou ka bay tèt ou plis tan pou atenn objektif ou. Eseye ranpli yon kantite tan ki pi long nan paj 1an.

Diminye depans ou pou libere lajan w. Si w ka redwi nan depans yo epi fè plis lajan disponib pou ekonomize, ajiste montan yo nan paj 2 a.

Diminye montan objektif ou a. Si w ka akonpli objektif ou avèk mwens lajan, antre yon montan ki pi piti nan paj 1 an.

# Fè yon pwomès avèk tèt ou

Mwen planifye pou'm atenn nouvo objektif lajan mwen ____________________

POUKISA M'AP EKONOMIZE?

Nan ekonomize __________ nan __________ ane, sa ki egal a __________ mwen.

$ OBJEKTIF MONTAN AN | KANTITE ANE | MWEN = ANE × 12

Ki kote m'ap economize lajan mwen ____________________

NON BANK LA OSWA KREDI INYON AN

Mwen planifye pou'm itilize depo dirèk, oswa pwograme transfè otomatik nan kont epay mwen an pou ekonomize san pwoblèm:

○ WI ○ NO

Siyen fèy travay sa a epi mete'l kote w ka wè'l.

Siyati____________________________________________

## Konsènan nou

Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè (CFPB) se yon ajans 21yèm syèk ki ede konsomatè yo finanse mache yo travay nan rann règleman yo pi efikas, nan respekte règ yo san patipri ak konsistans, epi li bay konsomatè yo pouvwa pou yo pran plis kontwòl sou lavi ekonomik yo.

Aprann plis nan consumerfinance.gov

## Konekte avèk nou

Soumèt yon konplent
consumerfinance.gov/complaint

Rakonte istwa w
consumerfinance.gov/your-story

Mande CFPB
consumerfinance.gov/askcfpb

Pataje panse w yo
facebook.com/cfpb
twitter.com/cfpb

Consumer Financial Protection Bureau